

Dwa ou Genyen Pandan W ap Resevwa Sèvis

Sante Mantal

Dwa sa yo garanti pou ou dapre lalwa eta Florid. N ap ba ou tout eksplikasyon sou dwa sa yo depi nou admèt ou nan lopital sa a.

Diyite Endividyle

- ✓ Ou gen dwa pou nou trete ou avèk respè epi pou nou pa fè ou abi.
- ✓ Ou gen dwa pou deplase libelibè nan lopital sa a sof si sekirite ou an danje oswa yon jij te mete restriksyon sou mouvman ou.
- ✓ Ou gen dwa pou jwenn akomodasyon rezonab dapre Lwa Anfavè Ameriken Andikape (ADA).

Deiyasyon yon Reprezantan

- ✓ N ap mande ou pou idantifye yon moun nou kapab kontakte sizoka gen ijans.
- ✓ Ou ka idantifye yon moun pou resevwa avi pou nou fè li konnen on isit nan lopital sa a.
- ✓ Si ou pa chwazi yon reprezantan oswa si ou pa kapab fè sa, n ap chwazi youn pou ou.

Kominikasyon

- ✓ Ou gen dwa pou pale an prive nan telefòn epi pandan orè vizit yo, epitou ou kapab resevwa ak voye imèl prive. Lopital sa a gen obligasyon pou devlope règ rezonab konsènan orè vizit ou, kourye ou ak itil izasyon telefòn yo.
- ✓ Si ou gen akè nan telefòn, nan kourye, oswa si gen restriksyon sou vi zit ou, n ap ba ou yon avi ekri ki genyen ladan rezon pou restriksyon an. Doktè a dwe revize restriksyon an omwen chak 7 jou.
- ✓ Ou gen dwa pou kontakte avoka ou nenpòt kilè.
- ✓ Ou gen dwa pou itilize yon telefòn nenpot kilè pou rapòte abi ba Liy Enfòmasyon Abi eta Florid, oswa ba Disability Rights Florida.

Konfidansyalite Enfòmasyon ak Dosye

- ✓ Enfòmasyon konsènan tan ou pase nan lopital sa a se enfòmasyon prive epi nou pa ka djvilge yo san konsantman ou (oswa konsantman gadyen legal ou, avoka gadyen legal ou, oswa mandatè swen medikal ou, si ou gen youn) sof nan sèten sikontans.
- ✓ Ou gen dwa pou wè dosye klinik ou, sof si doktè ou detèmine li pa bon pou wè li.

Tretman

- ✓ Ou gen dwa pou resevwa tretman ki gen mwens restriksyon, ki pi awopriye ak disponib nan lopital sa a.
- ✓ W ap fè yon egzamen fizik nan 24 èdtan apre ou fin rive nan lopital la.
- ✓ N ap mande ou pou ede devlope yon plan tretman ki satisfè bezwen ou.

Plent

- ✓ Ou gen dwa pou pote plent andedan lopital la epi pou resevwa yon repons nan 24 èdtan ki vini apre ftisman ankèt la (ka pran jiska 7 jou).

Enstriksyon Davans

- ✓ Ou gen dwa pou prepare yon dokiman lè ou konpetan pou fè sa, epi dokiman an ka genyen ladan swen sante mantal ou vle ak sa ou pa vle, epitou pou deziyen yon moun ki ka pran desizyon pou ou si ou pa anmezi pou pran desizyon yo poukont ou.

Konsantman Reflechi

- ✓ Anvan tretman an kòmanse, n ap ba ou enfòmasyon konsènan objektif tretman an, efè segondè komen medikaman w ap pran yo, lòt kalite tretman, ak estimasyon dire tan w ap pase nan lopital sa a.
- ✓ Oumenm (oswa gad yen legal ou, avoka gadyen legal ou, oswa mandatè swen sante ou) kapab anile konsantman ou pou tretman an nenpòt kilè.

Rad ak Zafè Pesonèl

- ✓ Ou gen dwa pou w gen rad ak zafè pèsònèl ou kote ou, sof si yo retire yo pou sekirite ou oswa pou rezon medikal ou.
- ✓ Si nou pran efè pèsònèl ou yo, n ap prepare yon envantè atik nou pran yo, epi n ap ba ou envantè a pou siyen. N ap remèt oumenm oswa reprezantan ou atik ou yo depi ou jwenn egzeyat ou oswa si ou transfere pou kite lopital sa a.

Dwa pou Kontakte Tribunal

- ✓ Oumenm, oswa reprezantan ou, gen dwa pou mande Tribunal la pou revize sa ki endike anba la a:
 - Rezon ak legalite ki fè ou an gadavi nan lopital sa a.
 - Yon dwa legal oswa yon privilèj yo refize ou.
 - Yon pwosedi ou pa obsève.

Vote

- ✓ Ou gen dwa pou w enskri pou w vote ak pou lage bilten nan nenpòt eleksyon, sof si tribunal la retire dwa sa a pou ou.

Egzeyat

- ✓ Si ou mande egzeyat (epi nou admet ou selon volonté ou), doktè ou ap resevwa notifikasyon pou sa, epi n ap ba ou egzeyat la nan 24 èdtan nan yon lopital kominotè, oswa nan 3 jou ouvrab nan yon lopital leta, sof si ou chanje lide epi ou satisfè krjtè pou yo fè plasman ou kont volonté ou.
- ✓ Nou dwe ba ou egzeyat nan 72 èdtan ki vini apre lè ou rive nan lopital la, sof si ou sou sitiyasyon volontè. Si ou satisfè krjtè yo pou plasman kont volonté ou, ou dwe fè yon petisyon nan tribinalla nan 72 èdtan ki vini apre lè w fin rive a, oswa nan 2 jou ouvrab ki vini apre transfè ou ant sitiyasyon volontè ou ak sitiyasyon kont volonté ou.
- ✓ Ou gen dwa pou chèche tretman nan klinik pwofesyonèl la oswa nan yon ajans ou chwazi apre w fin egzeyate nan lopital sa a.

Si ou kwè nou te vyole dwa ou, ou kapab kontakte:

Florida Abuse Hotline

- 1-800-96-ABUSE
1-800-962-2873 (Vwa)
1-800-453-5154 (TTY /TTD)

Americans with

- #### Disabilities Act (ADA)
- 1-800-514-0301 (Vwa)
1-800-514-0383 (TTY)

Disability

- #### Rights
- Florida
1-800-342-0823 (Vwa)
1-800-346-4127 (TTY/TTD)